# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता में आजु भइल कैबिनेट के बइठकी में लखनऊ मेट्रो रेल परियोजना के चरण एक–बी के सथहीं कई गो अउरियो खास प्रस्तावन के मंजूरी दे दीहल गइल। सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव मंत्रिमण्डल में भइल फैसिलन क जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि मंत्रिमण्डल पांच हजार आठ सौ एक करोड़ रूपिया के खरचा के साथे इग्यारह दसमलव एक छौ पांच किलोमीटर लमहर मेट्रो रेल परियोजना के मंजूरी दिहले हौ। येह परियोजना में सात भूमिगत अउर पांच एलिवेटेड स्टेसन के मिला के कुलि बारह मेट्रो स्टेसन होई। येह परियोजना के जरिये अमीनाबाद, चौक किंग जार्ज मेडिकल कॉलेज, भूल भुलैया अउर रूमी दरवाजा जइसन लखनऊ के कई गो प्रमुख जगहिनि पर मेट्रो सुविधा उपलब्ध हो जाई।

**********

रक्षा मंत्री अउर लखनऊ क सांसद राजनाथ सिंह आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ मेट्रो रेल परियोजना के चरण एक बी के कैबिनेट से मंजूरी मिलले पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रति अभार जतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये रक्षामंत्री एके प्रगतिसील अउर लोकहित क फैसिला बतवलें। ओहीं प्रदेस क मुख्यमंत्री सोसल मीडिया पोस्ट में ओम्मेद जतवलें हवें कि कई गो आरथिक, सामाजिक अउर ब्यौसायिक सुविधा के जोड़त ई मेट्रो न त खाली राजधानी क यातायात व्यवस्था के सुगम बनायी बलुक रोजिगार, पर्यटन अउर निवेस क नया मौको देई।

**********

विधानसभा में दुसरका दिन्ने आजु क सत्र ढेरे हंगामेदार रहल। समाजवादी पारटी फतेहपुर मुद्दा पर चरचा करवले क मांग कइलसि। जब संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना येह मामिला पर जबाब दिहलें त उनके जबाब से असंतुस्ट हो के बिपक्षी सदस्य जमि के हंगामा कइलें। एगो रिपोर्ट–

**विधानसभा में नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय ने फतेहपुर में धर्मस्थल से जुड़े विवाद की घटना को लेकर सवाल उठाए और आरोप लगाया कि पुलिस मामले को संभाल नही पायी। जवाब में संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना ने कहा कि मामले में रिपोर्ट लिखी गयी है। दस नामजद समेत अज्ञात के खिलाफ मामला दर्ज हुआ है। जो भी कानून को हाथ में लेने की कोशिश करेगा उसको न्याय प्रक्रिया के तहत दंड मिलेगा। संसदीय कार्य मंत्री के इस जवाब से असंतुष्ट होकर समाजवादी पार्टी के विधायक वेल में धरने पर बैठ गये और नारेबाजी की। कानून व्यवस्था के सवाल पर जवाब देते हुए संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना ने कहा कि सैकड़ों मामलों में कम से कम बाइस दिन और अधिकत्तम एक सौ चौंतीस दिन के भीतर सजा हुई। इतनी जल्दी न्यायिक प्रक्रिया से किसी भी सरकार में सजा नही हुई। शिक्षा के मुद्दों पर विपक्ष को आंकड़ो के साथ जवाब देते हुए बेसिक शिक्षा मंत्री संदीप सिंह ने कहा कि एक भी विद्यालय बंद करने का निर्णय नही लिया गया है।**

**विधानसभा में भारतीय अंतरिक्ष यात्री एंव ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के एक्सियोम–फोर मिशन की सफलता पर उनके सम्मान में सरकार की तरफ से बधाई प्रस्ताव पारित किया गया। सदन में मौजूद सभी सदस्यों ने इसका समर्थन किया। समाचार कक्ष से मै अरूण।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सिकल सेल रोग से देस के बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले मुक्त कइले के इतिहासिक पहल पर आजु केन्द्रीय मंत्री जगत प्रकाश नड्डा क लेख साझा कइलें। अपने सोसल मीडिया हैंडल पर प्रधानमंत्री कहलें कि भारत में राष्ट्रीय सिकल सेल एनीमिया उन्मूलन मिशन नया जुग के दरसावे ला। प्रधानमंत्री भारतीय किसानन कै समरथन दिहले से जुड़ल सरकार के उपाइनि पर राज्यसभा सांसद सतनाम सिंह संधू क लेखो साझा कइले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन से हर घर तिरंगा, हर घर स्वच्छता अभियान से जुड़ले क अपीलि कइले हवें। काल्हि एगो वीडियो सनेसा के जरिये उहां के कहलीं कि तिरंगा हमनी क आन, बान अउर सान हौ आ स्वच्छता हमनी क संस्कार, सभ्यता आ भविस्य क पहिचान हौ।

**मुझे विश्वास है कि हम अपने अपने पंचायत सचिवालय, नगर निकाय, कार्यालय, घरों, सार्वजनिक भवनों और संस्थानों में तिरंगा लहराएगें और आस पास के स्वच्छता को अपना व्यक्तिगत दयित्व मानते हुए सुनिश्चित करेगें।**

हर घर तिरंगा अभियान के तहत प्रदेस भर में कई गो गतिविधियन क आयोजन चलि रहल हौ। येही क्रम में मऊ जिला में आजु तिरंगा रैली क आयोजन कइल गइल, जेके ओइजा क जिलाधिकारी प्रवीण मिश्र हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें। जौनपुर जिला के डोभी इलाका में स्कूली लइकन की ओरि से तिरंगा रैली निकारि के देसप्रेम क सनेसा दीहल गइल। येह अभियान में कुशीनगर जिला में सात लाख तिरसठ हजार से बेसी तिरंगा झंडा फहरवले क तइयारी कइल जा रहल हौ। ओइजा क जिला पंचायती राज अधिकारी आलोक कुमार प्रियदर्शी बतवलें कि एकरे खातिर महिला समूहनों के ओरि से झंडा तइयार कइल जा रहल हौ।

**********